

Sipòte lang ak alfabetizasyon

2 mwa: Ou se premye e pi bon pwofesè tibebe ou!

Tibebe ou ap vin pi bon pou kominike sa li vle ak sa li bezwen. Yo renmen son vwa ou. Entèraksyon pozitif ou gen ak tibebe ou kontinye ede sèvo li grandi pi fò.

Konsèy ak Aktivite



Remake ak reponn siyal ak enterè tibebe ou.

Poze kesyon. Kisa bèl ti tibebe mwen an ap fè?



Evite pale ak li nan langaj tibebe. Sèvi ak mo vre ak fraz konplè.



Etap tipik langaj

Montre enterè lè li gade moun ak objè yo

Kòmanse babye, pa egzanp 'ah-ah' oswa 'ooh-ooh'

Angaje nan echanj ale vini

Souri yon fason entansyonèl

Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksè.



Pale ak founisè swen sante pitit ou a si pitit ou:

Pa gade moun nan je



Pa remake oswa reponn lè gen gwo bri

Pa kriye lè li grangou oswa li pa alèz



Sous: Pathways.org

Lòt resous

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[Cox Campus](#)

[The Basics](#)

[Etap enpòtan CDC yo](#)